

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Hakékat sastra téh salaku fakta kahirupan. Sastra dianggap minangka kacamata hasil kabudayaan dina mangsa nu kaliwat anu ngawengku adat kabiasaan, kapercayaan, jeung ajén anu turun-tumurun dipaké ku masarakatna dina waktu anu tangtu. Éta hasil kabudayaan téh pikeun mapag jeung ngaluyukeun diri dina sakabéh situasi anu tumuwuh, boh dina kahirupan individu boh dina kahirupan kelompok.

Sastra mangrupa hiji sisi tina seni anu mibanda ciri mandiri, éta ciri nya éta ngandung kaartistikan, ngandung kaéndahan, ngandung kajujuran, ngandung kaorisinilan jeung ngandung bebeneran anu salawasna nungtun nu macana kana sipat anu lemes, malah nganteur kana tujuan pangjugjugan kahirupan manusa anu leuwih wijaksana (Koswara, 2009:8).

Nepi ka kiwari, sanajan masih diadurenyomkeun, sastra téh miboga fungsi ganda, nya éta pikeun nambahan kasenangan jeung pikeun ngudag kamangpaatan. Anu dimaksud kasenangan di dieu dipapandékeun kana kasenangan batin.

Atar Semi (1989:39) nyebutkeun yén sastra nya éta karya seni, ku sabab miboga sipat anu sarua jeung karya seni nu séjénna, saperti seni sora, seni lukis, jeung seni pahat. Tujuanna ogé sarua nya éta pikeun mantuan manusa ngébréhkeun rusiah hiji kaayaan, pikeun méré ma'na dina éksisténsina, sarta pikeun muka jalan bebeneran. Anu ngabédakeun sastra jeung seni nu séjénna, nya éta sastra mah miboga aspék basa.

Ku basa, manusa bisa nyiptakeun sastra. Ku basa, manusa bisa ngébréhkeun sastra dina hirup kumbuhna. Ku basa ogé, manusa bisa lumangsung hirupna jeung papadana. Ku sastra, manusa bisa hojah dina hirup kumbuhna. Ku sastra ogé manusa bisa ngagumelarkeun fungsi kamanusaanana jeung papada manusa. Basa, sastra, jeung manusa aya dina hiji beungkeutan.

Wangun karya sastra Sunda mangrupa bagian tina sastra dunya. Wangun karya sastra Sunda teu jauh béda jeung sastra dunya. Wangun (karya) sastra

Sunda aya tilu rupa, nyaeta prosa, puisi, jeung drama. Isnéndés (2009:22) nétélakeun prosa nya éta karangan dina rakitan basa sapopoé, tanpa ngolah atawa ngatur intonasi anu matok; lancaran téa disebutna. Tapi dina wangun prosa sok aya ogé bagian nu puitis; ayana éfék puisi. Puisi nya éta karangan anu basana dirakit pinuh ku wirahma, kauger ku wangun jeung diksi, ungkara kalimahna henteu lancaran atawa cara basa sapopoé. Puisi aya ogé nu ditulis dina wangun prosa atawa puisi prosais, nya éta puisi nu kapadetan puitisna sumebar kawas basa lancaran. Drama atawa carita drama nya éta karangan sastra nu midangkeun carita atawa lalakon dina wangun dialog, ajangkeuneun dilakonkeun ku aktor dina pagelaran drama).

Salah sahiji karya sastra anu nyampak dina wangun prosa nya éta novél. Iskandarwassid (1992:91) nétélakeun yén novél nya éta prosa rékaan (fiksi) nu naratip (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa *plot*-na kompléks (ngarancabang). Ku lantaran kitu wandana, novél mah bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar, jeung laluasa ngahirupkeun karakterisasi.

Novél mangrupa salah sahiji wangun tina karya sastra. Novél mangrupa carita fiksi dina wangun tulisan anu miboga unsur intrinsik jeung ékstrinsik. Dina hiji novél biasana dicaritakeun ngeunaan kahirupan manusa dina hirup kumbuh jeung papada manusa. Dina hiji novél, pangarang tangtuna miboga tarékah pikeun nungtun réponsif atawa nu maca pikeun ngagambarkeun réalita kahirupan ngaliwatan carita anu aya dina eusi novél.

Salah sahiji judul novél Sunda anu ngeuyeuban kasusastraan Sunda nya éta novél *Béntang Pasantrén* karangan H. Usep Romli HM anu ngadadarkeun kagiatan hirup kumbuh manusa di lingkungan pasantrén. Nilik kana mangpaatna, karya sastra novél bisa dijadikeun salah sahiji bahan pangajaran basa Sunda di sakola tina segi nulis, nyarita, maca, atawa nulis.

Bahan ajar mangrupa média pikeun guru dina nepikeun pangajaran ka siswa sangkan bisa ngahontal standar kompetensi anu geus ditangtukeun. Salian ti éta, bahan ajar penting dina prosés pangajaran sabab bahan ajar mangrupa komponén penting anu teu bisa dileungitkeun. Dina nepikeun bahan ajar, tangtuna

guru bisa maké bahan pangajaran sangkan ngirut minat siswa dina prosés pangajaran. Bahan pangajaran anu dipaké tangtuna kudu disaluyukeun matéri anu rék ditepikeun. Fungsi bahan ajar nya éta salaku pedoman/cecekelan pikeun guru jeung siswa anu bakal ngarahkeun dina prosés pangajaran sarta alat évaluasi.

Aya sawatara panalungtikan sastra ngaliwatan analisis objektifna (struktural) anu kacatet di pabukon Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah jeung di pabukon pusat UPI, di antarana:

1. *Kajian struktural novél Kembang Rumah Tangga Karangan Tjaraka* ditalungtik ku Nunung Nurhayati taun 2004.
2. *Kajian Struktural Semiotik Novél Sri Panggung Karangan Tjaraka* ditalungtik ku Ai Yansri Nurlaelasari taun 2005.
3. *Unsur Intrinsik dina novél Rasiah Geulang Rantay Karya Nani Sudarma* ditalungtik ku Ika Sukmawati taun 2005.
4. *Unsur Intrinsik Novél Kembang Petingan Karya Holisoh ME (Talaah Struktural-Semiotik)* ditalungtik ku Diana Rahadianingsih taun 2005.
5. *Analisis Unsur Intrinsik dina Novél Wastu Kencana Karangan Yoseph Iskandar* ditalungtik ku Odeh Nurbayani taun 2006.
6. *Unsur Intrinsik Novél Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian Karya Tatang Sumarsono (Talaah Struktur Semiotik)* ditalungtik ku Anneu Meilina Restu taun 2012.
7. *Analisis Struktural jeung Semiotik dina Novél Sudagar Batik Karangan Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra di SMA* ditalungtik ku Elsy Priandini Riyadi taun 2013.
8. *Analisis Struktural Novél Tri Tangtu Bumi Karya Yoseph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca di Kelas XI* ditalungtik ku Muhamad Yogi Hamdani taun 2013.

Nilik kana panalungtikan-panalungtikan di luhur, panalungtikan sastrana leuwih museurkeun kana unsur objéktif sacara struktural, sedengkeun tina panalungtikan unsur éksprésif mah can aya nu nalungtik, dina ayana ogé analisis tina unsur sosiologis sacara jembar. Ku lantaran hal éta, panalungtik miboga

kahayang pikeun nalungtik karya sastra anu dijudulan “Unsur Objektif jeung Éksprésif dina Novél *Béntang Pasantrén* Karya H.Usep Romli HM pikeun Bahan Pangajaran Maca Pedaran Sastra di SMA Kelas XI”.

1.2 Watesan Jeung Rumusan Masalah

Sangkan ieu panalungtikan henteu mancawura tina pedaran anu séjén, masalah anu dipedar di luhur dijieun watesan jeung rumusan masalah ieu di handap.

1.2.1 Watesan Masalah

Ambahan kajian sastra téh loba pisan, boh sacara lisan boh tulisan, boh unsur intrinsik boh ékstrinsikna. Ku kituna, sangkan panalungtikan leuwih éféktif jeung museur kana unsur intrinsik jeung ékstrinsikna, panalungtik ngawatesanan ieu masalah anu ditalungtik ku cara museurkeun panalungtikan kana unsur objéktif jeung éksprésif karya sastra dina novél *Béntang Pasantrén* karya H. Usep Romli H.M pikeun bahan pangajaran maca pedaran sastra di SMA kelas XI.

1.2.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang nu geus diébréhkeun mimiti, anu jadi rumusan masalah dina ieu panalungtikan diwujudkeun dina wangun patalékan.

1. Kumaha unsur objéktif dina novél *Béntang Pasantrén*?
2. Kumaha unsur éksprésif karya pangarang sastra anu nyangkaruk dina novél *Béntang Pasantrén*?
3. Kumaha patalina unsur objéktif jeung éksprésif dina novél *Béntang Pasantrén*?
4. Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca pedaran sastra?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum diayakeunana ieu panalungtikan nya éta pikeun ngungkab gambaran unsur objéktif jeung éksprésif anu nyangkaruk dina novél *Béntang Pasantrén* karya H.Usep Romli HM nu dipiharep bisa ngeuyeuban kabeungharan karya sastra Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun hal-hal ieu di handap.

1. Unsur objéktif novél *Béntang Pasantrén*.
2. Unsur éksprésif karya pangarang sastra anu nyangkaruk dina novél *Béntang Pasantrén*.
3. Patalina unsur objéktif jeung éksprésif dina novél *Béntang Pasantrén*.
4. Unsur objéktif jeung éksprésif karya sastra dina novél *Béntang Pasantrén* karya H.Usep Romli HM bisa dilarapkeun dina bahan pangajaran maca pedaran sastra di SMA kelas XI.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan, nya éta:

1. pikeun ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan unsur objéktif jeung éksprésif karya sastra Sunda.
2. pikeun maluruh unsur objéktif jeung éksprésif karya sastra novél *Béntang Pasantrén* karya H.Usep Romli HM.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, nya éta:

1. pikeun bahan pangajaran maca dina ngajarkeun basa Sunda hususna dina medar pedaran sastra Sunda;
2. pikeun ngajawab patalékan ngeunaan masalah-masalah unsur objéktif jeung éksprésif dina novél *Béntang Pasantrén* karya H.Usep Romli HM dina pangajaran maca pedaran sastra di SMA kelas XI;

3. méré informasi ngeunaan unsur objéktif jeung éksprésif anu aya dina novél *Béntang Pasantren* ka balaréa hususna anu mikaresep dunya kasusastraan.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan skripsi anu dijudulan “*Unsur Objektif jeung Éksprésif dina Novél Béntang Pasantren Karya H. Usep Romli HM pikeun Bahan Pangajaran Maca Pedaran Sastra di SMA Kelas XI*” diwengku ku lima bab.

Bab I mangrupa bubuka anu ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II mangrupa landasan téori objéktif, éksprésif, novél jeung bahan pangajaran.

Bab III mangrupa métode panalungtikan ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrument panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung tehnik ngolah data.

Bab IV mangrupa laporan panalungtikan jeung analisis data ngawengku analisis unsur objéktif novél *Béntang Pasantren*, analisis unsur éksprésif novél *Béntang Pasantren*, jeung larapna unsur analisis pikeun bahan pangajaran maca novél di SMA.

Bab V mangrupa panutup tina skripsi anu medar kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran/rékoméndasi pikeun panalungtikan-panalungtikan séjénna anu baris dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.